

## **BAB III**

### **METODOLOGI PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan**

##### **3.1.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif analitik, nu sifatna ngagambarkeun jeung ngajéntrékeun kaayaan jeung kajadian anu keur disanghareupan. Méthode ieu dipaké lantaran data anu ditalungtik leuwih nyoko kana bahan anu bisa dianalisis ku cara déskriptif. Dipiharep ieu méthode panalungtikan bisa digunakeun pikeun ngahontal jeung ngagambarkeun tujuan anu rék dihontal. Sangkan leuwih jéntré neleban harti déskriptif, Sujana (2004: 64) nétélakeun ciri-ciri méthode déskriptif anu ngawengku:

- a. ngadéskripsikeun gejala jeung kajadian dina mangsa kiwari.
- b. museurkeun panitén kana masalah-masalah aktual.

Dumasar kana méthode anu ditétélakeun di luhur, ieu panalungtikan téh baris ngadéskripsikeun jeung nganalisis puisi jangjawokan di Désa Nagrak Kacamatan Buahdua Kabupatén Sumedang pikeun bahan ajar aprésiasi sastra Sunda kelas XII di SMA Negeri I Cicaléngka.

##### **3.1.2 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan ieu panalungtikan nya éta: 1) talaah pustaka, 2) observasi, 3) wawancara.

### 3.1.2.1 Talaah Pustaka

Talaah pustaka digunakeun pikeun néangan jeung nangtukeun dasar-dasar téoritis anu aya patula-patalina jeung subjék panalungtikan.

### 3.1.2.2 Observasi

Observasi nya éta niténan langsung kalawan objéktif hiji kajadian atawa hiji prosés. Dina kagiatan panalungtikan, observasi bisa ngagunakeun alat bantu saperti; *kaméra, video, tape, atawa tape recorder*. Saméméh urang ngalaksanakeun observasi, urang kudu merhatikeun dua hal; kahiji urang kudu paham kana naon-naon anu rék ditalungtik, kadua urang kudu latihan niténan hiji kajadian atawa hiji prosés anu aya di lapangan sarta diayakeun simulasi (Arikunto, 2002: 202 dina Nurléla 2008: 30).

Téhnik observasi dina ieu panalungtikan digunakeun sangkan meunag gambaran anu nyata ngeunaan kaayaan lokasi jeung objék anu keur ditalungtik.

Léngkah-léngkah observasi dina ieu panalungtikan nya éta:

1. turun ka lapangan pikeun niténan perkara puiis jangjawokan anu aya di Désa Nagrak;
2. néangan informasi ngeunaan saha-saha baé anu sakirana boga jangjawokan ka kokolot Désa Nagrak;
3. nepungan jalma-jalma anu boga jangjawokan sarta ngayakeun wawancara ngeunaan jangjawokan;
4. nepungan deui narasumber pikeun ngecék jeung ngalengkepan deui data, pangpangna lamun nu teu kaharti atawa anu kurang jelas.

### 3.1.2.3 Wawancara

Téhnik wawancara digunakeun pikeun meunangkeun informasi ngeunaan puisi jangjawokan di Désa Nagrak ti para narasumber.

Wawancara téh nya éta hiji paguneman anu dilakukeun ku anu ngawawancara pikeun meunangkeun informasi anu dibutuhkeun ti anu diwawancara. Nurutkeun Arikunto (2002 édisi révisi: 202) pedoman wawancara téh ngawengku:

1. wawancara teu kauger, dina ieu padoman ngawawancara bébas, nu ngawawancara bisa nanyakeun naon waé ka nu diwawancara, kalawan teu ngaleupaskeun perhatian kana data anu bakal dikumpulkeun. Hasil wawancara gumantung ka nu ngawawancara sabab nu ngawawancara nu nangtukeun jawaban ti narasumber.
2. wawancara kauger, mangrupa padoman wawancara anu disusun sacara sistematis jeung lengkep, jadi bisa disebut saperti *chekl-list*.

Padoman wawancara pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta wawancara teu kauger. Anapon anu diwawancara nya éta masarakat Désa Nagrak, anu jadi sumber data (narasumber) katut informan pangrojong kana panalungtikan (perangkat désa, kokolot Désa Nagrak, narasumber, jeung masarakat umum).

### 3.2 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku anu nalungtik dina enggoning ngumpulkeun data, sangkan pagawéanana leuwih gampang tur hasilna ogé leuwih hadé, dina harti leuwih gancang, lengkep, jeung

sistematis sangkan datana leuwih gampang diolah (Arikunto, 2002: 126 dina Nurléla 2008: 32)

Anu jadi instrumén dina ieu panalungtikan nya éta padoman wawancara. Runtuyan patalékan-patalékan wawancara ngeunaan puisi jangjawokan digambarkeun dina tabél 3. Daptar patalékan nu kagambar dina tabél ngan saukur gurat baag tina patalékan di lapangan. Hartina di lapangan mah bisa ditambahan salega-legana. Pikeun nyiptakeun suasana anu leuwih lugina, sabisa-bisa patalékan téh henteu merekpek teuing tapi awor dina obrola. Ku ayana *tape recorder* wawancara bisa leuwih éféktif, saupama sora narasumber masih kénéh jelas jeung sadia pikeun dirékam.

Tabél 3

Daptar Patalékan dina Wawancara

Ruang Lingkup Data	
Data Informan	Data Jangjawokan
I	II
1.1 Ngaran Narasumber	1.1 Papasingan Mantra
1.2 Jenis Kelamin Narasumber	1.2 Téks Jangjawokan
1.3 Umur Narasumber	1.3 Asal Jangjawokan (ti saha, iraha, jeung naon sarat pameulina)
1.4 Status Perkawinan	1.4 Pungsi Jangjawokan
1.5 Alamat Narasumber	1.5 Cara Makéna (kumaha, iraha, jeung naon saratna)
1.6 Pakasaban Narasumber	
1.7 Jenjang Atikan Narasumber	
1.8 Kalungguhan Narasumber di Masarakat	

(dumasar kana Tabél Nurléla, 2008: 33)

### **3.3 Populasi jeung Sampel**

Populasi nya éta sakumna subjék panalungtikan. Sampel nya éta sabagian atawa wakil tina populasi anu rék ditalungtik (Arikunto, 2002: 108-109).

Populasi jeung sampel dina ieu panalungtikan nya éta populasi jeung sampel puisi jangjawokan di Désa Nagrak.

#### **3.3.1 Populasi**

Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakumna jangjawokan anu kapanggih di Désa Nagrak Kacamatan Buahdua Kabupatén Sumedang anu jumlahna 50 jangjawokan.

#### **3.3.2 Sampel**

Sampel nya éta sabagian atawa sakabéh populasi anu baris ditalungtik sarta dianggap répréséntatif tina populasi éta (Surachmad, 1982 : 92).

Sampel dina ieu panalungtikan digunakeun sampel acak, nya éta tina 50 puisi jangjawokan anu dikumpulkeun, 20 puisi jangjawokan dianalisis sacara acak. Dinalisisna dumasar kana wangun, wirahma, eusi, purwakanti, jeung basana, anu tujuanana pikeun milih puisi jangjawokan anu luyu dipaké bahan pangajaran aprésiasi sastra Sunda kelas XII di SMA Negeri I Cicaléngka.

### **3.4 Léngkah-léngkah Garapan**

#### **3.4.1 Tahap Tatahar**

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap tatahar nya éta:

1. Nangtukeun judul panalungtikan.

2. Ngajukeun judul jeung proposal panalungtikan ka Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah FPBS UPI Bandung.
3. Ngayakeun konsultasi jeung pangaping sabada éta judul disaluyuan sarta ditantukeun pangapingna.
4. Ngayakeun studi pustaka ngeunaan masalah anu aya patalina jeung garapan panalungtikan.

#### **3.4.2 Tahap Ngumpulkeun Data**

1. Ngayakeun wawancara jeung narasumber;
2. Ngumpulkeun atawa ngainvéntarisir data; jeung
3. Nangtukeun unsur-unsur puisi jangjawokan anu rék ditalungtik.

#### **3.4.3 Tahap Ngolah Data**

1. Maluruh atawa niténan data nu geus aya.
2. Nyieun daftar atawa klasifikasi data
3. Nganalisis Data

#### **3.4.4 Tahap Nyusun Laporan**

Tahap pamungkas nya éta nyusun laporan anu mangrupa skripsi.